PANGAOS LANGGANAN: 1 sasih f 1.70, sakwartaal f 5.— loear Indonesie f 7.50 pembajaran ti pajoen.

Drukkerij di Passarstraat 36
Telefoon No. 51
Tasikmalaja.

# „SIPATAHOENAN"

Di kaloearkeun koe Pagoejoeban „Pasoendan" saban dinten kadjabi Ahad sareng dinten noe dimoeljakeun.

Hoofdredacteur BAKRIE SOERAATMADJA
Redacteur di Bandoeng MOHAMAD KOERDIE

Agent-agent Sipatahoenan: Publiciteitskantoor „de Globe" N. Z. Kolk 19 Amsterdam, M. K. Wigoena Lammerslaan No. 1 Mr. Cornelis, Karnasoedirdja Gang Mantarena Bogor, Soetadiredja Regentsweg 86 Tjiandjoer, Gaos Soemadisastra Pangeran Soemedangweg 115 Bandoeng, R. Achmad Sobandi Sanding Garoet, A. Karna-Winita Kota-koelon 171 Tjiamis, sareng Bock, - Agentuur & Commissiehandel „ANITY" Kalibaroe Noord 8 Cheribon.

ADVERTENTIE: Sadjadjar kolom f 0.30 pangsaeutikna sakali moeat f 3.—. Harga langganan badami

Redactie & Administratie
Stopplaats Aloon-aloon No. 4
Tel. No. 121 — Tasikmalaja.

No. 208 | Oenggal Saptoe PELET p.pl. f 1.- | Kemis 17 September 1931 — 4 Djoemadil'awal 1350 | Oenggal Saptoe PELET p.pl. f 1.- | Taoen ka 8

# GANTI DOENOENGAN.

Poë Saptoe kamari Indonesia meunang kapala anjar. G.G. Jhr. De Graeff geus masrahkeun paparentahan Indonesia ka gentos mantenna. Ieu teh koe batoer dianggap hidji waktoe anoe gede hartina, anoe penting. Naha keur oerang oge kitoe, gede hartina, penting?

Tjek santri wallohoealam, anging Allah noe oeninga. Noe enggeus enggeus mah, dina ganti doenoengan nja biasa tea bae. Teu aja atoeran robah woedjoed, ngan oekoer sipat. Tapi kitoe kitoe keneh bae. Teu aja ondjojna, m o a l aja ondjojna, anging goemantoeng kana karoekoenan djeung tanaga, oerang Indonesia.

Oepama oerang ngabaekeun kana milik oerang, kahajang ngan oekoer semet kahajang, henteu djeung pakna sosoesosoen digawe, ngoeatkeun hiroep koemboeh oerang, koe t a n a g a o e r a n g. (ngadegkeun sakola, ngomean peroesahaan). . . . . sagala koemaha itoe, anoe tangtoe tea djagreug tinggal djagreug lamoen tjara sampeu mah, dipake parab embe oge matak kabebeng.

Bisana didahar koe oerang, koedoe veredeld heula diome, dioeroes. Boektina ari keur lalakon oerang veredelen-nana teh nja koe nembongkeun t a n a g a: tanaga kapinteran, tanaga pakasaban. Moen eta tjan aja, . . . . pertjaja, moal diambeuan.

* * *

Di loehoer diseboetkeun: teu robah woedjoed, ngan oekoer sipat ieu, itoe oge ari dina saoer mah mokaha, boeboehan dilisankeun koe noe palalinter, petingan.

Oepama oerang ngingetkeun kasaoeranana Jhr. De Graeff dina moelaën ngasta kaloeng goehanana, kapan teu woedoe tjeuli oerang meunang parab noe rada ni'mat oge. Nepi ka mantenna bral angkat nilar Indonesia, . . . . adeg pangadeg oerang keneh keneh bae. Lain mantenna teu palajeun ngarobah — kana palajna oerang jakin — tapi loba sabab sabab djeung tanaga tanaga noe megat lengkah mantenna. Tjindekna teu kasaliraan.

Aloesna, oerang oelah rek loba teuing pangharepan, laksana panedja koe gawe hampang: njoehoenkeun, bro dipaparin, . . . . taja petana. Komo deui ajeuna.

Kapan geuning aja kasaoerana „pamarentah moal mikeun dina digawe keur ngalaksanakeun m a k s o e d, digimbreung gimbreung koe doea tiloe djelema, noe madjah rek ngabelaan rahajat, toeloej menta noe lain lain, toerta maranehanana njaho, noe dipenta teh moal dibikeun koe pamarentah".

Lebah dieu koe oerang kaambeu, naon noe disindiran koe pamarentah.

Sok soemawonna noe kakara nolol ka dieu, kapan noe geus mangtaoen taoen oge, keukeuh bae njeboetna, dimana oerang aja pamenta, eta teh kahajang na e n k e l i n g e n (doea tiloe djelema).

Ari noe ditoedjoel koe m a k s o e d pamarentah di loenoer, nja eta ngadjalankeun robahan paparentahan (bestuurshervorming), sakoemaha noe geus aja dina Indische Staatsinrichting, noeroetkeun tjita tjita w e t g e v e r, oerang ditoe.

Perkara noe sedjen, loear ti eta, koe G.G. anjar moal rek dipadoekeun. Moal dipadoekeun, naha atoeran paparentahan di dieu teh semet Indische Staatsinrichting bae atawa aja toeloejna.

* * *

Koe G.G. anjar bahroeteng Indonesia rek sina satimbangan. Kaloearan djeung panarimaan oelah gengsot. Akalna?

Kagemian rek digedekeun. Motong pangasilan (gadjih djeung . . . . . ngoerangan pagawe djeung sabangsana.

(Een zoodanig beleid is pijnlijk voor U en voor mij, doch bovenal voor hen, die de rechtstreeksche gevolgen ondervinden, door vermindering van hun inkomen, verlies van hun betrekking, als anderszins).

Djaba ti eta aja deui koe ngingetkeun ajana maskape maskape noe galede, sabab saoerna, eta teh toekang mere gawe, majar padjeg djeung ngirimkeun barang barang dagangan ka alas peuntas.

Djadi maskape maskape teh teu woedoe dielingkeun koe G.G. anjar! Da, lahirna, gede hartina keur hiroep koemboeh Indonesia. Hanas oerang beda anggapan, beda rarasaan, beda deudeuleuan, . . . . dalah dikoe maha, sakadoetna sakadoetna Kitoe keneh, kitoe keneh!

* * *

Tapi aja ari lichtpuntna mah. Geuning dina ngamimitian G.G. biantara, aja lahiranana jen mantenna saboedi akal hajang djadi G.G. noe hade, sarta rek njoehoenkeun tanaga djeung kaloehoengan ka P a n g e r a n.

Taaaaaaaah ka Pangeran!

Pangeran teh kapan ngan hidji. Pangeran itoe, Pangeran oerang. Ari sipatna Pangeran teh rahman, rahim. Moerah, asih, adil.

Ari adil Pangeran ngan hidji. Soegan bae . . . . . ditoeroenan wahjoe.

H. BASJAR.

## Basa

Waktoe ajeuna dina ieu soerat kabar keur dipareboetkeun, basa noe koemaha noe koedoe dipake dina ieu soerat kabar, naha koedoe ditjampoeran koe basa Walanda atawa oelah?

Para djoeragan ahli basa tangtoe terang, jen kaajaan hidji basa teh, madjoe moendoerna, kaja miskinna henteu robah saperti kahoeripan bangsa anoe ngabogaan eta basa.

Di ieu doenja teu aja hidji basa anoe teu katjampoeran kapangaroeh basa kabeh katjampoeran.

Lamoen salawasna hidji-hidji basa tetep, tjindekna teu katjampoeran basa sedjen, beunang di seboetkeun eta basa teh miskin. Hal ieu beunang didjieun oekoeran nambahanana basa teh goemantoeng kana loehoer handapna bangsa.

Bangsa anoe basana teu katjampoeran koe basa sedjen, tangtoe pisan eta bangsa atjan ngarasa hiroep koemboeh djeung bangsa sedjen. Koe sabab eta, tangtoe pisan eta bangsa kanjahoan tina hiroep koemboeh masih koerang.

Sanadjan basa-basa anoe geus kakontjara, nja eta basa: Inggris Djerman, Walanda, Perantjis, eta oge katjampoeran koe basa sedjen, kitoe deui basa oerang, [basa Soenda Aka].

Ti baheula keneh basa Soenda teh geus katjampoeran basa sedjen, nepi ka ajeuna masih kababawa, tjontona tina alamat aja ketjap hingpangersa, moen teu salah eta basa Djawa. Djadi basa Soenda anoe dipake dina ieu soerat kabar (biasana basa anoe direumbeuj koe basa Walanda tea, Aka), henteu aneh sanadjan patengah oge, lantaran basa Walanda anoe datang ka oerang katjida gede pangaroehna.

Di loehoer geus ditjaritakeun jen basa Soenda teh ti baheula na oge geus katjampoeran koe basa-basa sedjen, komo ajeuna mah lain tjaritakeuneun, baba koena noe njampoeran teh basa Walanda.

Koe oerang moal beunang di angles, terela basa Soenda teh katjampoeranana koe basa sedjen teh ti baheula, mangga papaj sabaraha poeloeh ketjap basa Djawa, Melajoe, Arab, Sanskreta anoe geus ilahar dipake koe oerang.

Koering moal ngabantah, lamoen aja noe njeboet jen basa Soenda teh miskin, lantaran dina sagala toelisan koedoe bae make basa sedjen. Pangna diseboet miskin, noeroetkeun wangwangan mah katjida gantjangna nerekab basa Koelon di lemah tjai oerang. Koe lantaran kitoe karasa pisan kamiskinana, lantaran rea pisan ketjap koelon anoe di oerang teu aja pisoendaeunana, aja oge oepama disoendakeun teh matak salah ngerti.

Koe kaajaan basa oerang sam poret, moen samporet tea mah, nepi ka para boedjangga henteu koerang, anoe njelapkeun basa Walanda kana basa Soenda noe roetkenn edjahan basa Soenda, saperti economie djadi ekonomi, bagage djadi bahasi, communist djadi kominis.

Djadi mingkin dieu basa Soenda teh mingkin rame sarta papaesna mingkin rea, nepi ka koe noe teu njaho mah, basa Walanda anoe deselapkeun kana basa Soenda teh, tjenah basa oerang.

Sanadjan basa Walanda geus ilahar dipake mapaes karangan, tapi moenggoeh para maos anoe teu mantra-mantra kana Walanda mah, pada ngarasa ngawagoe nepi ka oepama manggih basa Walanda teh (anoe atjan biasa dipake koe djalma rea, Aka), ngarasa hoelang hoeleng nginget nginget pisoendaeunana, komo noe aja di pakampoengan mah, rek nanja nanja ka saha da djaoeh ka dajeuh.

Geusin anoe bisa Walanda, oepama manggih karangan anoe direumbeuj koe basa Walanda, tangtoe moal ngarasa heudeg, tapi pikeun noe sama sakali teu bisa mah, lebah basa Walanda teh sok diliwatan. Koe lantaran diliwatan tea, sanadjan eta karangan gede gawena pikeun djalma rea, samasakali teu kaharti, malah oepama dipaksakeun toengtoengna sok salah ngerti. Karangan anoe direumbeuj koe basa Walanda, tjek noe bisa basa Walanda mah ka tjida aloesna, tapi pikeun noe teu bisa mah ngarasa handjakal, lantaran anoe sakitoe mangpaatna teh rea noe teu kaharti.

Koering lain njawad kana basana, da mana di reumbeuj koe basa Walanda oge tangtoe anoe ngarangna boga tjetjekelan koe andjeun, nja eta leuwih soeroep direumbeuj ti batan henteu.

Tapi sanadjan leuwih soeroep oge, lantaran noe maos ieu soerat kabar sabagian ageung teu tiasa basa Walanda [kitoe oge moen teu salah ieu sangkaan, Aka], asa sae oge oepami dina serat kabar, anoe dianggap teh ngawoengkoel basa Soenda, kadjabi oepami basa Walanda noe teu aja pisoendaeunana, eta mah parantos tamaha noe teu tiasa basa Walanda.

(AKA.)

# NAGARA DEUNGEUN

## Saha noe pangbeungharna?

Sanadjan noeroetkeun officieele statisticken mah djoemblahna millionnairs teh kabeh dieunakeun ngoerangan, tapi saajeuna oerang henteu koedoe hariwang sieun djalma djalma anoe ngarandjoetan doeit-malioenan tea djadi moesna, lantaran geuning nepi ka djaman ajeuna oge djoemblahna millionnairs teh henteu beunang diseboetkeun saeutik.

Di Nederland ajeuna aja 1200 millionnairs leuwih, di antarana 112 maratoeh di Rotterdam. Di Duitschland djoemblahna millionnairs teh noeroetkeun statistiek anoe pangdieuna mah aja 2645 oerang, anoe baroga doeit leuwih ti samilioen mark. Di antara maranehanana teh aja 115 oerang anoe pangaboganana leuwih ti 5 malioen djeung 40 oerang anoe kapitaalna leuwih ti 10 malioen mark.

Sanadjan kaajaan di Duitschland kabehdieunakeun matak pikasalempangeun oge, ari millionnairs mah taoen taoen ieu teu weleh nambahan 130 oerang. Djoemblahna angka millionnairs di ieu nagara beda beda, sawareh mah njeboetkeun djoemblahna teh 4000 oerang, aja deui anoe njeboetkeun 7300 oerang.

Bangsa Duitsch anoe pangbeungharna geus teu robah deui nja eta ex keizer Wilhelm, anoe sorangan woengkoel ngabogaan 20.000 morgen tanah (sa morgen 0.85 H. A. Red. Sip.). Malah lamoen noeroetkeun kana pangaroehna mah, andjeunna djadi kapala pamilina anoe 49 oerang, bogana tanah teh henteu koerang ti 40.000 morgen, katoet kasteel kasteel djeung barang barang sapangeusina, anoe pangadjina moal koerang ti 500 milioen Mark. Partikoelir, kakajaanana ex keizer teh henteu koerang ti 300 malioen Mark.

Bangsa Duisch anoe sedjen sedjen, anoe pangaboganana leuwih ti 100 malioen mark, nja eta vorst Albert van Turna en Taxis anoe aja di Regensburg. Kakajaanana leuwih ti 275 mark Njonja Bertha Krupp koerang leuwih 200 malioen, handelaar beusi di Keulen, Otto Wolff, pangaboganana henteu koerang ti 135 malioen Mark enz. Djaba ti eta teh masih mangpirang pirang bangsa Duitsch anoe djadi millionnairs „leutik", anoe pangaboganana leuwih ti 10 atawa 20 malioen Mark.

Djoemblahna millionnairs di Inggris henteu bisa ditetepkeun, tapi parandene kitoe ari loba mah geus beunang ditangtoekeun.

Sala sahidji anoe pangkasohorna millionairs di Engeland, nja eta Hertog van Westminster, anoe kabeungharanana geus kasohorkeun ti djaman radja poetri Elizabeth keneh. Kakajaanana henteu bisa presis ditangtoekeun sabaraha, ngan pangadji tanahna woengkoel oge geus henteu koerang ti 250 malioen roepia. Tas eta anoe kasohor teh nja Lord Derby, anoe kabeungharanana dikira-kira aja 70 malioen roepia.

Anoe panglobana millionairs teh koe sarerea oge geus bisa dikira-kira, nja eta di Amerika, di Vereenigde Staten. Dina taoen 1914 djoemblahna millionairs di nagara dollar teh aja 4000 oerang, nepi ka ajeuna naek djadi 43.000 oerang. Beunang oge ditetepkeun, jen satengahna tina eta djoemblah lobana millionairs teh djadina koe lantaran toeroenna doeit ti djaman mimiti perang doenja, anoe memang karasa koe sakoeliah doenja.

Di New-York geus diajakeun papariksaan, saha di antarana anoe pangbeungharna sadoenja. Sanggeusna kakara katangen, jen anoe pangbeungharna sadoenja teh nja eta de Nyzam ti Hyderabad.

Dina peti doeit di gedongna aja pangadji 100 milioen pondsterling doeit emas djeung emas bolongkotan.

Barang[2] perhiasan, roepa emas, inten djeung berlian di itoeng moal koerang ti pangadji 200 milioen pondsterling. De Nyzam henteu daekeun doeitna diteundeun kana effecten atawa direntenkeun koe djalan sedjen lantaran tjenah sieuneun nambahan kapoesing bae lamoen doeitna beuki lila beuki ngagedean bae mah.

Djadi koe ngajakeun eta papariksaan mah, John D. Rockefeller Jr. teh lain noe pangbeungharna sadoenja, ngan beunang diseboetkeun pangbeungharna di antara bangsa Amerika kabeh.

Pangasilan Rockefeller Jr. teh dikira kira aja 12.500.000 dollar malah noeroetkeun itoengan anoe ahli mah bisa djadi naek nepi ka 250 malioen dollar. Taoen toekang Rockefeller majar inkomen belastingna 7.435.170 dollar. Djaba ti milik manehna sorangan teh, oge Rockefeller ngadjaga kakajaan babarajaanana.

Sanggeus Rockefeller nja ka pamili Ford. Djoemblah pangaboga Ford katoet familiena di taksir aja sareboe malioen dollar. Djaba ti eta teh oge Wrigly kaitoeng hidji millionnair gede di Amerika, sarta djaba ti eta masih keneh loba bangsana.

Di Japan oge oerang manggih pirang pirang millionnairs. Anoe pangbeungharna di Japan nja eta Takatoshi Mitsui. Baheula salasahidji karoehoenna moeka toko leutikdi Tokio, nja kitoe deui manehna moeka wisselkantoor. Ieu teh saenjaan mah tara ngan, lantaran anoe meunang balantik doeit teh woengkoel anoe harade ka keizer bae.

Ajeuna geldhandel Mitsui teh didjalankeun koe firma Mitsui. Noeroetkeun ballansopgave anoe pangdieuna, deposito's di Mitsui Ginkoband teh aja 650 malioen Yen. Firma Mitsui teh djadi hidji handelaar areng batoe anoe panggede-gedena di Japan. Tina panggalian anoe milikna sorangan sataoen bisa ngaloearkeun 5 malioen ton areng batoe. Djaba ti eta teh oge dagang tina roepa-roepa barang, saperti: soetra kasar, katoen, minjak, goela, kai, karet, cement, kertas teh, oejah djeung bako. Prive kapitaalna pamili Mitsui koerang leuwih doea milliard Yen; sala sahidji firmantenna dina taoen toekang koedoe majar inkomen belasting 3 malioen Yen.

Anoe pangbeungharna di China nja eta Li Sjing—mei, anoe boga tanah legi di Sjang-hai, multi-millionnair anoe geus kawentarkeun. Sawatara waktoe ka toekang ieu millionnair teh dian tjam koe rampog anoe sangkep sapakarangna, rek dipaehan di arah kakajaanana, ngan hadena bae koe pareng djeung gede milikna, manehna bisa katoeloe ngan koe soepirna bangsa Roes, malah soepirna mah ngan kari sahos-hoseun bae lantaran tatoe dibaredilan koe rampog tea.

Ajeuna di Frankrijk. Anoe anehna pisan, hidji djalma meunang tiloe taoen djadi millionnair, manehna sorangan teu njahoeun jen djadi, nja eta di Pignerol (Frankrijk). Hidji randa, anoe salakina paeh di pangperangan, hiroep balangsak pisan, lantaran koedoe ngoeroes anak anakna. Kira-kira lima taoen ka toekang, tina tjengtjelenganana manehna teh meuli schatkistbons, anoe aja pangharepan meunang premie gede. Sanggeus dibeuli eta bon teh koe manehna teroes diteundeun bae kapopohokeun. Katjaritakeun sanggeus meunang sawatara taoen, manehna matja dina soerat kabar di lemboerna, jen hoofdprijs anoe samalioen francs teh enggeus kaloear, tapi anoe boga hakna (anoe meunang eta premie), geus tiloe taoen atjan aja njokot bae. Teroes elot manehna anoe geus sakitoe taoen disimpen kapopohokeun teh di tjokot, panganggoeran disaroeakeun nomerna, sarta pareng hidji di antarana aja noe saroea, nja eta ka noe samilioen francs tea. Poegoeh bae, anoe geus mangtaoen taoen hiroep sangsara, narik prijs anoe sakitoe lobana, teu kira-kira bae boengaheunana teh.

Djaba ti eta aja deui anoe ngadadak djadi millionnair teh, nja eta Hey, toekang ngangon babi di kampoeng Scorbach di Lotharingen. Hidji mangsa manehna teh keur meudjeuhna aja dina oeroesan, lantaran geus lila henteu koeat majar sewaan imahna, manehna dientjam baris ditoendoeng. Doemadakan hari ta keneh manehna disaoer ka Burgemeester di raadhuis. Koe Burgemeester diterangkeun, jen manehna (Hey) boga baraja di Amerika, anoe atjan sabaraha lilana geus tilar doenja, ninggalan doeit keur manehna djoemblah 2.400.000 francs.

Millionnair di kota Londen anoe geus kasohor nja eta Maurice Browne. Manehna mah djadina millionair teh ngan koe sakali ngaloearkeun lalakon toenil bae. Kira kira tiloe taoen ka toekang mah Browne teh masih djadi hidji acteur anoe biasa bae, malah beunang diseboetkeun henteu kaasoep kana kolom sedeng sedeng atjan.

Katjaritakeun dina hidji poé manehna meuli hidji karangan ti noe kitoe bae, henteu kasohor ahli ngarang, hidji lalakon anoe dingaranan "Journey's End".

Nja koe lalakon ieu pisan manehna ngadadak djadi millionnair teh. Mimitina manehna djadi toekang njitak, teroes ngarang sorangan, djadi acteur, nja panoetoepan djadi regiseur.

Lamoen oerang naloengtik kana kahiroepanana pirang-pirang millionairs, beunang ditetepkeun jen doeit teh henteu matak salamet. Koe ngabogaan pirang-pirang emas djeung barang-barang teh henteu langka anoe ngalantarankeun djadi djalma anoe pangtjilaka-tjilakana djeung pang miskinna di antara noe koemelip. Lantaran ti kakajaanana teh pitjilakaeunana oge dareukeut.

Sing saha anoe leukeun ngoempoelkeun kakajaan di acherat leuwih aloes ti batan ngoempoelkeun kabeungharan di doenja, tjek "De Koerier„. (Soerat kabar kaom Katholiek di Indonesia Red. Sip.)

—o—

## Panganggoeran

### Oesoem malioen!

Kamari E n t j e p geus ngadongengkeun kapoejengan nendjo angka angka anoe malioenan, enol sababaraha enol mani matak landjoeng.

Ari seg teh ajeuna aja dongeng anoe didjoedoelan „Saha noe pangbeungharna?" geura tingali!

Oeloeh geus boe-oedoel deui bae enol enol djeung malioen, malah make djeung milliard sagala, djeung lain benggol lain esen, tapi make aja noe pondsterling, doeawelas roepia leuwih . . . .

Pek paloba-loba, da di E n t j e p mah noe malioen-malioen kitoe teh maliwat ti toems!

Saha noe teu hajang djadi malioener?

E n t j e p moal pertjaja lamoen aja noe njeboetkeun emboeng atawa teu hajang djadi malioener, lantaran saha djalmana anoe nepi ka ajeuna teu hajang foeloes?

Si neneng?

Wah, komo atoeh si eta mah rampoes! Naha dikira daekeun ka E n t j e p lamoen tara dibajar contant?

Sakitoe oge teu paja koerang saeutik, ngaroengsing anoe lain loemajan, da meureun kitoe watekna doenja tara daek seubeuh.

Anoe matak oge E n t j e p mah teu weleh hajang djadi milioener teh, lain bet tjara De Koerier make njeboetkeun noe baroga doeit tara salamet.

Meureun bae di dinja mah da geus taja kakoerang meureun mana njeboetkeun kitoe oge, henteu engkak-engkakan kawas bangsa E n t j e p, di dinja mah geus loebak-liboek taja kakoerang. Djeung santri ongkoh ari De Koerier mah, moal hajang kadoenjaan, da merdika eukeur!

Atawa memang eta mah kawas adjag djeung boeah anggoer bae kitoe?

Eoja meureun mana sok pipiloe eun ngotjeh oge, geuning make baroga wawakil nanaon di Volksraad.

Hem, doeit amis menir!

ENTJEP

# Begrooting Indonesia 1932.

— VIII —

Njoemponan djangdji kamari, ajeuna oerang ngaberendelkeun „Gevangeniswezen“ heula, nja eta noe aja dina Algemeene dienst, pikeun ngagadjih personeel f 328.060.- standplaatstoelagen f 16.280.- pikeun personeel noe sedjen f 90.600.- djoemblah f 434.940.

Pikeun ongkost djalan ambtenaren djeung beambten noe patali kana pagawean Gevangeniswezen f 72.000.- pikeun kaperloean oebar oebaran f 8.000.- pikeun kaperloean hoofdkantoor djeung reclasseeringsdienst f 39.630.- pikeun roepa-roepa kaperloean f 356.600.- djoemblah f 476.230.-

Djadi djoemblah pikeun ieu kaperloean teh f 911.170.-

⁂

Pikeun kaperloean pangboeian, nja eta geusan ngagadjih personeel djeung toelagena f 1.989.250- pikeun standplaatstoelage f 73.510 - pikeun personeel noe sedjen f 158.600 - djoemblah f 2.221.360.-

Pikeun ongkos-ongkos pangboeian f 359.695.- pikeun daharna djalma hoekoeman f 1.801.770.- pikeun ongkos digawena djalma hoekoeman f 1.402.145.- djoemblah f 3.563.610.-

Pikeun nambahan gedena adegan f 250.000.- pikeun nambahan paparabotan geusan ngagawekeun djalma hoekoeman f 25.000.- djoemblah 275.000.-

Djadi djoemblahna pikeun ieu kaperloean teh f 6.059.970.-

⁂

Pikeun kaperloean „Huizen van bewaring“ nja eta ngagadjih personeel djeung toelagena f 712.760. pikeun standplaats toelage f 31.700.- pikeun personeel noe sedjen f 45.480.- djoemblah f 789.940.-

Pikeun ongkosna huizen van bewaring f 291.490.- pikeun daharna djalma hoekoeman f 1.978.945.- pikeun kaperloean ngagawekeun djalma hoekoeman f 9 295. djoemblah f 2.279.730.

Pikeun kaperloean nambahan adegan f 150.000.-

Djadi djoemblahna pikeun ieu kaperloean teh f 3.219.670.-

⁂

Ari djoemblah-djoemblahna pikeun kaperloean noe diberendelkeun di loehoer teh, nja-eta f 10.190.810.

Sakieu bae heula, isoekan oerang ngaberendelkeun deui bagian noe sedjen.

—o—

# Gentra Istri

## Basa Walanda.

### Dupliek kangge Djoeragan A. R.

Satadina mah boro bade agoel, jen sim koering gadoeh sadoeloer Soenda, anoe wantoen ngangken, jen ngiritik teu merenah. Namoeng barang breh ningal pangwaler sedih noe aja. Sim koering gadoeh rasa, tiasa ngira ngira koemaha kasjaan djrg teh.

Wireh sim koering kaloearan sakola kakoelonan sareng nem bean radjeun tjoerat tjaret dina Sip. sim koering tara njebatkeun karangan, artikel atanapi ari noelis ieu ketjap sok make aanhalingsteekens (wantoen salamet ieu teu terang pisoendaeunana) hidji tawis jen sim koering teh toena koe basa sorangan. Kaajaan kieu teh sanes di sim koering bae, mangga bae ti ngalian orgaan Pasoendan pangenggalna No. 6 8.

Jaktos eta teh koe bawaning hajang ngadjentrekeun djoeragan sabab make basa sorangan sieun teu keuna. Ieu teh jaktos, jaktos!

Barang koe para djoeragan Redactie sim koering henteu ditegor, kawoewoeh ningal sering pisan karangan anoe sanes oge sok direumbeuj, malah koe emoetan mah langkoeng langkoeng ti „boeah“ pena sim koering nja sim koering ngeureujeuh kadjoeroeng koe hajang.

Koe sim koering oge karaos, jen eta teh teu katji, malah sim koering parantos negor ahli ngarang; anoe parantos oeninga kana kasoesastran Soenda, anoe sok remed ngareumbeuj, sri njerat dina Sip. djawabna teh keur koran mah teu perloe tjenah aloes basana, direumbeuj oge saketjap atanapi sakalimah mah teu matak koea kieu, asal eusina, djoedoelna (strekkingna) kaharti.

Atoeh barang sim koering ngadangoe kieu teh asa didjoeroeng beuki daek.

Njoehoenkeun hibarna kapajoen soegan djeung soegan beuki tiasa njingkahan basa deungeun.

Bok bilih ngadjantenkeun reugat galih seratan sim koering anoe ti pajoen moegi kerasa mandang teu aja.

Kritiekan noe sehat, nganggo alesan (gemotiveerd) zakelijk, henteu persoonlijk koe sim dia djeng adjeng pisan.

Sabab sim koering emoet kana paribasa deungeun noe soendana kinten kinten kieu: „Koe pagesrekna pikiran timboel kanjataan“ Pedes oge teu djadi sawios, asal oelah persoonlijk bae. Oepami nganggo ketjap toewaltowel, tjoewal tjewol mah bet baoe baoe . . . . toekangna, ata napi sakirang kirangna . . . . . roeroentoek. Ieu mah oepamina Poen anak noe nembe di voor klas ari maen kaletji teh, oepami teu lepat, o l e s basana . . .

Roekmi.

12 9 1931.

—o—

## — Adoeh teeloeng. —

Sering pisan koering matja dina soerat kabar njarioskeun istri noe di peupeurih di njenjeri koe noe djadi pameget henteu kalawan dosa naon-naon sanes sakali doea kali panginten parantos aja poeioehna kali, noe maos tangtos bosen, moeng ajeuna kapaksa koering noelis bakating koe mindeng teuing ka dengena boh ti beurang boh ti peuting, sakapeung mah ampir djanari ngadenge kotjeak djerit istri, matak njoeroetioed tjipanon asa di diri sorangan melas melis menta toeloeng ari pokpokanana teh „toeloeng koering disiksa koe salaki kalawan teu boga dosa, naon kasalahan abdi sok njiksa teu poegoeh dosa.“

Tangtos pandjang teuing oepami sadajana tjaritaan istri diberendelkeun. Koering mani ngoredjat keur ngedeng ngadenge noe ngadjerit sakitoe tarikna bangoen njerina bangoen sedihna mani ngeng-ngengan kana tjeuli, sasambatna matak watir, komo moen di diri sorangan di batoer oge sakitoe matak njerina teh. Ari isoek-isoek geuning bet enja noe djedjeritan teh mani barengep beungeutna kawas oeroet ngoesapan tarik teuing alias nampilingan.

Sidik tetela lain bedja ajeuna mah kang „Oelis“ teh telenges sok hampang leungeun, sok njiksa ka pamadjikan teu kalawan poegoeh dosana. Noe kapanggih oge dina sataoen teh moen teu salah mah geus tiloe kali gentos istri, oenggal ditalak euweuh noe teu barengep oeroet ngoesapan, panon barareuh oeroe tjeurik. Aja noe ngomong waktoe keur djedjeritan ari pokna teh: „enggeus njai era koe tatangga djeung koenoe ngaliwat biasana ari sareng tjaroge mah“ tjeuk dina hate henteu b i a s a. Ari ingetan koering eta djedjeritan soteh bakating koe njeri poho di kaera bakating leuwih ti nista njiksana, moal sakitoe ngotjeakna moal sakitoe ngadjeritna oepama henteu njeri mah Sidik tetela ajeuna mah kang oelis teh hampang leungeun, koering teu bisa njalahkeun kanoe djadi istri palebah kang Oelis mah da geus kawentar katelengesanana. Kolot boedak pada njaho alias beruchtdi Tjikoeja district Tjitjalengka mah. Tjing djoeragan² istri sareng djoeragan-djoeragan pameget landongan eta kang oelis oelah diantep, kedah ditjirian noe telenges kitoe teh kapan ngahinakeun kanoe djadi istri sanes? Oelah kitoe kitoeh ngan djangdji gampleng djangdji habek bae mending moen merenah mah wadjibna noe djadi salaki, ieu koetara merenah. Bakating koe kagoengan kasawat hampang leungeun bae ieu mah. Enggal koetjoeran koe tjai Sipatahoenan kawas atjan ngambeu-ngambeu atjan.

Oerang dessa
E. Nonoh

12 September 1931.

Restaurant S. Marjam

Djambatanmerah
Tjikeumeuhweg 6 — Buitenzorg

Sajagi roepi² katoeangan model Europa sareng Indonesia.
Roepi-roepi leueuteun saniskanten sajagi.
— Pangaos ditanggel MIRAH —
671

# Priangan

## Tasikmalaja.

### Film „Hadidjah“

Waktoe film anoe kaseboet di loehoer mimiti dipoeter di Galoenggoeng-Bioscoop, noe ladjo katjida lobana. Maen sakali atjan boebaran, di loear geus ngagonjok djalma noe meuli kartjis keur kadoea kalina.

Eta teh memang geus sapantesna, lantaran djaba ti ieu film didjieun di oerang teh, oge basana make basa Indonesia [Malajoe], anoe tangtoe beunang di seboetkeun kaharti koe sarerea.

Peuting engke ieu film dipoeter panoetoepan, djadi anoe panasaran perloe ngaboektikeun koemaha beubeunanganana film di oerang, nomer hidji film anoe bisa njarita.

### Nasib goeroe desa.

„Sesemperan ngabedjaan, jen di bawahan Tasikmalaja aja hidji goeroe desa anoe imahna djaoeh ti sakola. (Oenggal poé ka sakolana make kareta mesin).

Kawasna bae eta goeroe teh geus remen koe schoolopziener dititah pindah ka deukeut sakola tapi teu karoehan naon lantaran nana eta goeroe teh nepi ka ajeuna atjan pindah keneh bae.

Hidji waktoe s o. teh ngaron da eta sakola, sarta tina naon mimitina, bet oedjoeg oedjoeg noelis kieu bae dina kertas:

„Goeroe, pilih ieu noe tiloe pertanjaan:

a. Naha rek pindah?

b. Naha hajang ditoeroenkeun kana goeroe II?

c. Naha hajang dilepas?“

Anoe modelna pisan, eta goeroe teh dioesir ti sakolana, sina tjitjing di bale desa ti isoek nepi ka waktoe boebaran sakola.

### Bangsat timbangan

Kamari politieagent nomer 36 ti Stadspolitie Tasikmalaja di Tjihideung geus nangkep hidji djalma ngaran Isak, oerang Panoeroetan [Tasikmalaja] lantaran disangka maling timbangan. Sanadjan aja boektina, tapi ieu djalma moengkir bae. Katjida hadena geusan ngaenlakeun kana kasalahanana teh lamoen digaradah di imahna bae, soegan bisa kapanggih boekti-boekti anoe sedjen.

—o—

## Ti Tjiamis.

### Meh bae kahoe roean.

Poé Minggoe noe kakara kaliwat, kira poekoel 10 beurang, di imahna M. Wianta oerang desa Goenoengtjoepoe (Tjikoneng), seuneu geus moentab moentab ngabantja bilik dapoerna, oentoeng kaboeroe datang noe noeloengan, bisa gantjang dipareuman. Asal asalna tjek noe mawa bedja mah kieu:

Di eta dapoer teh aja tjarang ka dieusi hoeoet badag sarta noe boga eta imah neundeun roehak sapoe kana eta tjarangka Rasana mah meureun eta sapoe teh geus pareum, tapi saenjana masih aja keneh seuneuan. Noe boga imah sanggeus neundeun sapoe teroes ka sawah sarta di imah teu aja noe toenggoe saoerang oerang atjan. Sanggeus sawatara djam ti sanggeus neundeun sapoe, tatanggana rame gegeroan, jen dapoer M. Wianta kadoeroek. Djalma djalma noe dareukeut ka eta imah, anoe ka beneran teu njaba, gantjang nasoeloengan nepi ka eta seuneu pareum.

### .Cooperatie Rik-rik Gemi“ di Tjikoneng.

Dina ieu soerat kabar koengsi ditjaritakeun, jen di Tjikoneng geus ngadegkeun Cooperatie anoe dingaranan cooperatie rikrik gemi.

Ajeuna ieu cooperatie teh geus ngajakeun waroeng, sarta dagangan noe diajakeun di eta waroeng kaperloean lid djeung kaperloean oerang dinja. Koe wangwangan mah ieu cooperatie aja harepan madjoe, lantaran nilik beubeunangan dina sapoépoéna matak ngaboengahkeun bestuur katoet ledenna. Ajeuna masih keneh ngadjoealan aandeel á f 1.—

### Kapaiingan.

Malem Minggoe noe kakara kaliwat, ka imahna Hadji Moehamad Hanapi, oerang desa sadananja geus kaandjangan semah noe teu diondang. Oenggahna eta semah rerentjepan sarta bisa ngoedar toelak. Sadatangna ka djero imah si bangsat roejoeh rajah njokotan roepa roepa pakean, koerang leuwih pangadji f 100 [saratoes roepia]. Djaba ti eta geus bisa ngagondol doeitreana f 6.50 [genep roepia satengah].

Nepi ka ieu tjarita ditoelis, bangsatna atjan kapanggih. Tapi pertjaja ka politie Sadananja tangtoe gantjang katewak.

### Ditjabok teu karana dosa.

Hidji awewe Indonesier ngaran Soenasih, oerang kampoeng Kedoengpandjang desa Maleber dina malem Minggoe noe kakara kaliwat, waktoe manehna keur dagang di gigireun Toko Tawang Tjiamis geus ditjabok koe hidji Tiong Hoa. Asal-asalna tjek bedja mah kieu:

Tiong Hoa anoe kaseboet di loehoer teh, rek barangbeuli ka Toko, tapi manehna tikosewad ka soesoekan noe aja gigireun eta toko. Waktoe eta Tiong Hoa laboeh koe babatoeranana Soenasih digoejoerkeun, na ari gam pleng teh njabok ka Soenasih anoe teu karana dosa.

Tjek bedja, ajeuna Soenasih mangadoe ka politie, teu soeka tjenah ditjabok teu karana dosa.

—o—

## Ti Garoet

### Baris dipindahkeun.

Meunang bedja, djrg Engkawidjaja, goeroe di Tjikadjang anoe pareng ngarangkep djadi voorzitter Pasoendan tjabang Tjikadjang. baris dipindahkeun ka loear ti R. R. Garoet.

Kawasna bae ieu teh lantaran koerang dipikaresepna koe noe ti loehoer

Naha pedah djadi badan Pasoendan?

### Made in Indonesia.

Sanadjan kaoelinan model koelon, tapi koe pangabisa djeung kadaek mah, teu boeroeng bae ajeuna di Tjikadjang geus aja noe bisa njieun stukken (oang tjatoeran), katoet schaakbord djeung doosna.

Beubeunangan basadjan, toer ongkosna moerah.

—o—

## Ti Bandoeng

### Gemeentelijke Arbeidsbeurs

Noeroetkeun maandverslag Augustus 1931 anoe katarima koe redaksi, djoemblahna anoe ditoeliskeun menta pagawean teh aja 484 oerang, di antarana aja 400 Indonesiers, 77 bangsa Walanda (Europa) djeung 7 bangsa Tionghoa.

Anoe boetoeh koe pagawe [bisa dibere pagawean) aja 174, ari noe meunang pagawean aja 82 oerang. nja eta 5 bangsa Walanda, 74 Indonesiers djeung 3 Tionghoa.

### „Prob“

„Koemeli“ mere bedja, jen saperti di sedjen sedjen tempat geus kadjadian, di Tjisaroea [Lembang) oge geus diadegkeun hidji perkoempoelan cooperatie dagang anoe ngaranna sakoemaha anoe diseboet di loehoer.

### Harga pare di wewengkon Bandoeng.

Meunang katerangan anoe tetela pisan waktoe ieu harga pare di wewengkon Bandoeng ti f 3,40 nepi ka f 4. Tapi sanadjan hargana naek oge pikeun bangsa oerang mah ampir euweuh mangpaatna, ari noe djadi sabab pare na oge ampir di oenggal sirah geus beak didjaroealan ka noe naekkeun harga ajeuna tea iwal di saoerang di doea oerang noe kasoep rada kaja.

Koe sabab harga pare ditaekkeun tea, geus tangtoe bae harga beas oge dioendakeun. Anoe sawatara boelan katoekang harga ti f 5,50 nepi ka f 9 teh, ajeuna mah ti f 6,50 nepi ka f 12.

### Boedak nalaktak.

Poé Senen noe kakara kaliwat di Tjibantar (dessa Kadjaksan) pasosore aja kadjadian noe pikareuwaseun pisan kieu geura: Di kampoeng noe kaseboet di loehoer beunang diseboet katjida lobana baroedak noe keur meudjeuhna balangor pisan.

Di antara baroedak noe balaogor teh aja hidji boedak ngaran Oedjang Nana (tjek bedjaanakna Politie Agent, corr.) oelin dina sasak Tj.kapoendoeng maen kaletji. Koe nalaktakna eta boedak sadjabana ti maen kaletji teh djeung loeloentjatan sagala roepa bari leumpang mapaj mapaj sarigsig sasak. Atoeh poegoeh bae . . ., mangkaning roebakna kai sarigsig sasak teh paling aja oge 10 c. m. lakoena kitoe teh ngan saoekoer sesekoan toeloej manehna tikosewad, koleang laboeh anoe loehoerna moal koerang ti 5 meter, tiroe toeg kana batoe nepi ka tatoe rada parna oge. Koe pertoeloengan noe araja di dinja eta boedak salamet teu toeloej palid, sarta harita keneh koe kolotna dibawa ka Docter.

Tjonto ka noe baroga boedak!

### Weureu elmoe

Sawatara poé ka toekang ngaran “S“ oerang kampoeng Bantjeuj geus ngadadak ngatjambling (owah). Tjek bedja noe matak kadjadian kitoe teh tina lantaran weureu elmoe hakekat. Tapi bisa djadi noe kaharti koe akal mah eta djelema teh loba teuing kasoesah, muloem djaman meleset. Ajeuna ieu korban bingoeng teh saban poé saban peuting nan tem dikaremitan koe sanak pamilina.

### Motorfiets contra fiets

Motorfiets D. 9317 noe ditoempakan koe doeaan njeta koe Wiraatmadja oerang Pasawahan Bodjong Loa djeung koe Oepe oerang kampoeng Soeniaradja di palebah Kebon Kawoeng geus ngadoepak noe toempak kareta mesin ngaran Emong oerang Gang Bapa Soepi. Ieu noe sial tiloeanana oge tatoe enteng.

Wiraatmadja djeung Oepe harita keneh oge koe pertoeloengan Politie dibawa ka Juliana Ziekenhuis. Ari Emong mah koe sabab tatoena saeutik dioebaran di imahna bae.

### Panjakit pest.

Di Tjisaroea noe maraot lantaran panjakit pest, geus aja poeloehna djelema. Mimitina di desa Djamboedipa, tapi ajeuna mah desa sedjenna ge geus katepaan. Kalawan djasa Djrg. Tjamat nja teu sabaraha gantjang nerekabna, lantaran andjeuna katjida sosoe sosonna ngadjaga soepaja eta panjakit oelah noelar deui.

Dina koempoelan-koempoelan desa diwawarkeun nja eta: lamoen bisa sarta njaah kana awak sorangan; euweuh deui akalna njingkahan eta panjakit pest teh, bilik rangkep koedoe diboekaan, soepaja oelah aja beurit.

Deui diparentahkeun sabisabisa lamoen hahadjatan oelah tatanggapan kajaning: wajang, ogel enz. lantaran timbangan andjeunna bisi aja panjakit pest njiliwoeri di panglaladjoan.

Kana eta doea atoeran katjida moepakatna.

### Bangsat oentoeng.

Sanadjan geus loba oge noe katarangkep sarta dihaaroekoem bangsat kareta mesin teh roepana tinimbang kapok mah anggoer gawok Malah kamari ieu pisan di Primistraat aja noe kapalingan kareta mesin merk Toerist kira harga f 150. Malah lain kareta mesin bae noe dipaok teh, tasch koelit hideung oge noe dieusi wadah tjai (thermosflesch), andoek djeung roepa-roepa tjatetan kira pangadji f 17.

Noe bogana ieu kareta mesin ngaran Julius (goeroe sakola) oerang Verkerkweg sanggeus njahoeun jen kareta mesinna aja noe ngoentil, harita keneh gantjang bebedja ka Bureau Politie. Bangsat Bandoeng mingkin loedeung!

### Kaoem Bandoeng

Djoemlahna noe nikah di wewengkon Bandoeng koelon, Bodjong Loa djeung Bandoeng wetan sadjero boelan Augustus aja 450. Anoe nolak 328 djeung noe ngaroedjoe aja 25. Djoemlah djamleh beubeunangan doeit tina sagala perkara dina sadjero boelan noe kaseboet di loehoer aja f 1247,50.

### Katjilakaan biasa.

Sawatara poé katoekang di Pasar Antri Tjimahi aja kadjadian tjilaka noe matak pikawatireun njaeta hidji boedak bangsa oerang noe keur djongdjon toempak kareta mesin geus ngadadak kagerel koe mobil. Ari kasalahan noeroetkeun paparikasaan harita aja di boedak, bongan njokot djalan beulah katoehoe.

Ieu korban tatoe rada parna oge ngan teu matak njalempangkeun kana djiwana, ngan kareta mesinna geus moal kapoeloek deui da pedjet pisan.

### Tambahna Bioscoop ngomong.

Djoemblahna Bioscoop ngomong di dajeuh Bandoeng waktoe ieu aja 3 kaopat di varia. Anjar-anjar ieu manggih bedja koe sabab koe Directiena kaiimbang perloe di Bioscoop Concordia oge rek didjieun Bioscoop ngomong.

### Tina Politie Rapport.

Geus baladjar kenal djeung Proces verbaal ngaran „S“ teu poegoeh pamatoehanana lantaran geus maling hidji saroeng djeung doeit djoemblah pangadji f 4 – ti Nji Warsiem oerang Babatan.

Nji „E“ oerang Kosambi lantaran geus maling papakean djoemblah pangadji f 5,10 ti Nji Nasih oerang Tjiboenoet geus ditangkep.

„M“ asal oerang Garoet lantaran geus maling badjoe pangadji f 10 ti The Tiang Kin oerang Pasar Baroe geus ditangkep.

„H“ oerang Kebon Djoekoet geus ditahan koe politie lantaran geus maling bata 560 siki pangadji f 11,60 ti A. Soerio oerang Tegal legazuid.

Geus ditahan koe politie ngaran „D“ oerang Tjiateul lantaran geus maling roepa roepa pakean pangadji f 3 ti Oji oerang Sitoe Saeur.

Geus ditahan koe politie ngaran „A“ asal oerang Tjirebon sabab geus maling lampoe kareta mesin pangadji f 1,25.

Politie Agent klas 2 ngaran Idil palebah lapang Neutralle-School di Engelbert van Bevervoordeweg geus manggih sarta geus dibawa ka Kantoor Politie, hidji Motorfiets merk Harly Davidson no. 3594. Noeroetkeun tjaritana ieu Politie Agent eta motor ajana di tempat noe kaseboet di loehoer geus sapoé sapeuting. Koe taksiran Politie noe boga ieu motor teh A. Lagor oerang Pasir Kalikiweg.

Soepir mobil D. 11863 ngaran Kosim asal oerang Padang geus bebedja ka politie lantaran di palebah Parapatan Kebon Djati mobilna geus katoebroek koe delman B. 828. Sanggeus eta koesir ngarasa boga dosa koedana toeloej diloempatkeun satakер tanaga sarta teu poegoeh kamana losna.

Waktoe eta delman noebroek, Kosim keur ninggalkeun mobilna.

Th. Van Gorkom oerang Moskeeweg geus mangadoe ka politie lantaran manehna geus digelapkeun roepa roepa koeeh pangadji f 83,85 koe babah „T. Tj. H.“ oerang Kebon Djatiweg.

Politie geus nampa telefoon ti cifier boei Bandoeng, njaritakeun hidji sakitan waktoe keur ngamoeatkeun barang barang di Station Andir ngaran Apsah noe tadina pagaweanana ngoesiran delman oerang Andir geus kaboer.

Babah Hang Ni Eng Lin oerang Gang Jakoeb geus kelak ka Politie lantaran oenggal poé digandengan bae koe baroedak noe maraen bal di hareupeun imahna.

Politie Agent klas 2 ngaran Soemardi geus poepoelih ka Kantoor Politie njaritakeun kawat listrik di palebah Pasteurweg geus pegat. Noeroetkeun paparikasaanana ieu Politie Agent, noe matak eta kawat pegat teh, lantaran katinggang koe dahan kai noe dipotong koe toekang kebon sakola Mulo di dinja ngaran Hasan djeung Dardja.



KOELIT DJALMI

Djadi sae] sareng lemes

koe² nganggo

PUROL




Doos-doos (kaleng) pangaos 40 sareng 75sen
1 tube saroepia.
Tiasa ngagaleuh di saban toko sareng -roemah obat-

# INI MALEM, MALEM PENGABISAN

*Film Bitjara Melajoe:*

## „TERPAKSA MENIKAH"

*Ini film ada dibikin di Bandoeng dengen 100 % bitjara Melajoe, Njanji krontjong, Stamboel II, Ketjapi, tembang enz. enz. Semoea dinjanjikan oleh toekang-toekang njanji INDONESIER jang djempol. — — Boekan pake plaat gramophone — — Tapi SOEARA TOELEN DARI FILM.*

**EXTRA FILM:**

Denger dan lihat **REGENT BANDOENG R. A. A. WIRANATA-KOESOEMA**

*Angkat bitjara „SLAMET BERPISA" dan nasehat pada sekalian rahajat.*

**GALOENGGOENG - BIOSCOOP**

TASIKMALAJA

057


# TI PIPIR HAWOE

Baroedak! Abah mah sok heran deui, ari geus noetoerkeun djaman, raj poé . . . beda, reup peuting . . . beda, ajeuna poé Rebo, isoekan geus Kemis deui. Asa kamari naker taoen 30 ajeuna bet geus taoen 31 katompernakeun. Asa tjikeneh naker G.G. de Graeff, ajeuna bet geus de Jonge.

* * *

Geura deui, kamari Abah geus noelis sakoemaha noe diwaiangkeun koe *doenoengan Karta Danoe Atmadja*, tina perkara loetak-letak tea. Kapan anoe sakitoe sébna kadengena koe tjeuli, ajeuna geus djol deui intjoe Abah noe boengsoe, si Oedjang *Toelak*. Ieu boedak geus pangara goeran rasa moekaha teuteuleuman dina leuwi pamarakan Abah, leuwi Sipatahoenan; mantoean ka aki. Di ditoena mah hajang moelang tarima ka kolot.

Ari kolot tea, sok soemawonna dipoelang tarima tjara koe si Oedjang *Toelak*, anoe sakitoe pentingna tjek Abah, tjatjakan koe noe ngan oekoer dina kereteg hate oge, teu reudjeung prakna, pekna djeung sokna, Abah mah meni ngadegdeg bawaning koe atoh.

Lamoen seug sakabeh anak intjoe Abah tjara si Oedjang *Toelak* getolna moelang tamba ka aki, koe pangira Abah, katjida manfa'atna. Lain bae ngagoembirakeun ka Abah, tapi djelema anoe sakitoe oetejna djeung naklekna, tangtoe tereh tereh katoeloengan tina laoetan toegenahna.

Sabab saenjana panjakit toegenah, abong-deui, djeung teungteuingeun teh dina sawaktoe ajeuna mah, di tanah oerang teh teu beda djeung panjakit *pes*. Pitjageureunana lamoen lain koe doktor tjara Abah djeung saanak intjoe Abah, djiga hese pitjageureunana. Tina perkara ieu, tobaat . . . . lain Abah tjongkak tjeuk Batawi tea mah, tapi noeroetkeun boekti. Geura seug koe baroedak titenan kaajaan di pikampoengan djeung dipilemboeran; noe digogotong ka leuweung ka reuma tjara boedak soenat dina djampana, geus koerang; anoe oesrak-oes roek ka noe poék ka noe tjaang bari diiring-iring koe sisihan djeung pamisangan, kilang bara ari euweuh mah, pimanaeun, tapi geus beunang dihilang. Anoe moendoet *dipeuseul* lahir batin koe papatih gosh abdi-abdina geus pohara ngoerangan na. Mentjet ngagentjet ka wong tiilik, geus teu wanteun di noe tjaang, didodoho bongohna.

Eta kabeh anoe djadi oebar teh teu aja lain kadjaba ti Abah djeung anak intjoe Abah; oebar paten pisan.

Bener Abah saanak intjoe sok radjeun aja noe ngaherangan, tapi ari geus kapikireun mah tara toetoeloejan, sarta di Abahna oge tara djadi rempan, da Abah boemela ka bangsa.

Tjara eta, pangtjawena si Oedjang Toelak tea, ajeuna geus djadi tjarita di tiloe soerat kabar: Sipatahoenan, Galih Pakoean djeung Bintang Timoer. Malah di dieu mah sadjabaning njelin tina Sipatahoenan teh, make *dipasloen-pasloen*, sababaraha pasal, moen koe salah deuleu aja salapan pasal.

Pasal kahidji ngabedjakeun anoe meunang gelaran.

Pasal kadoea pahiboetna noe rek *njoepenir*.

Pasal katiloe model Soekaboemi ngalas sabaraha koedoe ngahatoeranan panjoembang.

Pasal kaopat matjang ti oenggal oenggal ressort sabaraha ti Soekaboemi, sabaraha ti Tjibadak djeung sabaraha ti Djampang [tjara dina Sip. bae.]

Pasal kalima djeung satoeloeina.

Koe lantaran di dinja ngan aja salapan pasal, noeroetkeun pamanggih Abah gandjil alias kapalang, ajeuna koe Abah rek ditambahan sapasal deui, ambeh djedjeg sapoeloeh.

Pasal kasapoeloeh (anoe ti Abah) nja eta *pasal harianeun*, oetawi *teungteuingeun*.

Saha noe teungteuingeun teh? Naha si Oedjang Toelak? Ih lain baroedak, lain. Si Oedjang Toelak mah tetep dina hadena; tetep dina boemela oemoem. Naha saha atoeh, anoe nanda soerat seleberan lijst anoe di kolom-kolom tea?

Eta oge Abah asa asa rek netepkeunana, sabab nilik kana pangadegna sanadjan Abah teu atjan etjes, kakara koe tjarita, dedeg sampe tjoekoep, roepa teu aja tjuwadeunana, djiga moal aja djorodjoj sorangan. Kawas kawasna mah aja d e d e w a n a, ratoe anoe ngoesikeun anoe ngobahkeun, ngan Abah koerang terela saha sabana, ngan koe anak intjoe Abah anoe djaradi pandita djaga lamoen ditaregoeh teh moal njalahan. Geura pek bae kaleker ti kadjaoehan; toeh geuning toeh, noe kitoe tea.

Endog sasajang tara megar kabeh, koedoe bae aja katjingtjalangna. Djadi lamoen misah ti doeloer doeloerna kaitoeng kana noe teu megar, geuning bae oena oge mabek sa Pasoendan.

Tjing atoeh rekeskeun ka Verbondbestuur soepaja tjap dina orgaan.

Harianeun tjeuk Abah; harianeun keur noe meunang gandjaran, teu poepoegoeh make dikarlakeun, toer padahal kapan sakitoe sipatna. Andjeunna teh kasipatan koe adil, someah, ahli toetoeloeng, lain djelema pangarahan, moerah tangan, daek ibadah kahadean, nahe bet didjoekoet-laoetkeun koe noe tjoeni hin pamakena. Nja bener eta dewa teh telenges.

Abah.

# Indonesia

## Ti Banten

### Vroedvrouw di Roemah Sakit Pandeglang.

Meunang bedja ti noe beunang di pertjaja, Vroedvrouw di tempat noe kaseboet di loehoer, dienstna teh beda ti batoer alias mingsal, lamoen dibandingkeun djeung Roemah Sakit noe sedjen sedjen, noe memang saroea leutikna, oge personeelna saroea koerangna.

Lamoen ngingetkeun kana ngaranna, Vroedvrouw teh nja eta doekoen beranak anoe woengkoel pikeun noeloengan noe rek ngalahirkeun orok, djadi geus tangtoe pisan dienstna oge beda deui djeung mantri verpleger (verpleegster) nu dienst teh merdika bae rek kamana oge, da teu aja tanggoengan naon naon, tapi lamoen saperti Vroedvrouw nja teu woedoe bae ripoehna teh.

Saperti di Roemah Sakit Pandeglang ajeuna, Vroedvrouw teh kabagian djaga malem, isoek isoek kakara balik. Koe lantaran ti peuting teu meunang sarenja sarena teh ti beurang, tapi ieu mah boro boro bisa sasarean majaran oeroet ti peuting, atawa pibekeleun keur engke peuting, tempo tempo kakara bae nepi kana panto, geus koeroenjoeng noe njoesoelan noe menta toeloeng rek ngalahirkeun; koe oerang tangtoe kataksir, djaba tjape teh kawas koemaha teuing lieurna koe lantaran teu sare tea.

Naha lamoen djalma koerang sare kawas Vroedvrouw, moal matak salah mah di gawena noe temahna ngadjadikeun tjilaka ka noe ditoeloengan?

Lamoen enja ieu kadjadian kieu, perloe noe wadjib meriksa sakoemaha mistina. (Aromatie).

---

Noot:

Ieu perkawis katjida saena oepami dibadantenkeun di kalangan P.K V.B.

Red. Sip.

—o—

## Ti Cheribon

### P. R. S.

„Djanggala Manik" mere bedja, jen di Karangampel ajeuna geus diadegkeun Cooperatie anoe kaseboet di loehoer, poedokna tina Perkoempoelan Roekoen Sentosa. Anoe boga pokal ngadegkeun ieu cooperatie teh djrg. Wangsadiwirja, koe djalan ngadjoealan aandeel á f 2.50.

Nepi ka ajeuna ieu perkoempoelan ten geus bisa ngadjoeal 30 aandeelen.

### Nimoe majit.

Anjar-anjar ieu di leuweung tegal madja, Bongas geus aja noe manggih majit ngeukeupan tangkal djati meunang motong. Si noe manggih teh gantjang harita keneh rapot ka politie. Sanggeus diteges teges, tetela anoe ngagoler teh hidji djalma ngaran Pa Darmin, oerang desa Bongas (Madjalengka). Sirahna eumeur sarta bobolokot getih, djeung siki tarangganana antjoer. Sigana bae ieu korban teh aja noe maehan.

Nepi ka ieu bedja ditoelis, noe boga dosana tjan kapanggih, ngan politie keur riboet mapaj katerangan (tjaktjak).

—o—

## Ti P. en T. Landen.

### Tooneel derma Kawe ningan Mitra.

Dina malem Rebo tanggal 8—9 September kamonesan noe kaseboet di loehoer geus nembongkeun kabinangkitanana di gedong bioskop „Bie Tjaj".

Koe sangkaan pangoeroes ka toet spelersna, asa pirakoe beubeunanganana henteu tjoekoel, sabab: di klas III djenoek noe laladjona teh, di klas II rapang noe ningalina mah, di klas I mah komo mani heurin oesik.

### Koempoelan bapa-bapana moerid H. I. S. Pasoendan Pagaden.

Dina malem Minggoe ddo. 12 13 September 1931, di H. I. S. Pasoendan Pagaden, geus diajakeun koempoelan noe kaseboet di loehoer

Noe dongkap leuwih ti satengahna.

Dina ieu babadamian kadeuleu bapa-bapa baroedak teh marahmai, meureun koe ningal kaajaan parabot sakola, goreng-goreng bae mah, bangkoena, lomarina, bordna geus aja sarta geus kapimilik koe eta sakola, doemeh meunang meuli koutan.

Poekoel 8 leuwih saeutik, koe voorl: voorzitter Schoolbest: vergadering diboeka, sarta ditetangkeun kaajaan moerid, nja eta mimiti moeka sakola moeridna aja 47, ganti boelan moeridna nambahan deui, sarta nepi ka waktoe vergadering aja 64 moerid. Perkawis arios koe djoeragan voorzitter Pasoendan diterangkeun atra tetela pisan, panampian katoet kaloearan sabansaban sasih. nepi ka waktoe eta vergadering saldo di kas H.I.S (Netto bedragna) teh aja f 288, 88. Toeloej arios noe aja di kas teh ditjotjogkeun djeung angkana, koe sawatara bapa-bapa moerid, sarta tjotjog (klop).

### Ditoebroek ti toekang

Poé Saptoe noe anjar kaliwat di Pagaden aja mobil merk Chevrolet No. B. 13368 njarande kana pager lantaran, geus katoebroek koe mobil deui ti beulah toekang. Noe boga dosa harita keneh oge teroes ngaloempatkeun mobilna ka Pamanoekan, meureun sieuneun katangkep.

Hadena mobil anoe njarande teh henteu mawa tjilaka djalma, njakitoe deui karoeksakanana henteu pira, malah harita keneh oge bisa neroeskeun deui lalakonna, tjek (Engang).

—o—

## Ti Bogor.

### Lectuur Pasoendan

Koe initiatiefna mitra Obos, ajeuna di Sanatorium Tjisaroea Bogor, geus aja perkoempoelan matja, malah dingaranana oge Lectuur Pasoendan, ari noe ditoedjoe koe ieu perkoempoelan teu aja sanes moeng bade ngatoer pembitjaan ka sadajana Patienten nja eta soepaja bisa galoembira manahna Patienten atanapi reuhreuj, soekmana koe hasilna matja tea.

Ieu Lectuur memang saleresna geus kaoeninga koe H. B. Pasoendan malah H. B. geus maparin sokongan nja eta koe Sipatahoenan sareng officeel orgaan Pasoendan, ari noe djadi rengrenganana tina ieu Lectuur sanes ngan antawis Patienten tapi mitra ti Tjisaroea anoe sewong sewong koemawerat ngoetjoerkeun karingetna kangge ngalaksanakeun hiroepna Lectuur tea.

Kalawan koe kasoetjian manahna mitra mitra di Tjisaroea noe djadi Bestuur sareng lid commissie Lectuur, sanaos andjeunna sanes leden Pasoendan, ajeuna geus tataroeka bade ngajakeun kring Pasoendan Tjabang Bogor, hartosna: kasinaran koe „Lectuur Pasoendan". Tjek noe mere katerangan, mitra Obos noe kapilih mangkoe pingpinanana.

### G. G. anjar.

Njoesoel bedja anoe geus di moeat dina Sip. kamari G. G. anjar teh dina tg. 12/9—'31 djam opat sore geus soemping ka Bogor, moeroe koelem di karaton anoe hawana rada tiis ti batan Batawi. Isoekna Minggoe moelih deui ka Batawi sarta poé Senenna tg. 14 boelan ieu kalawan officiel, soemping deui ka Bogor, dipapag koe baroedak sakola djeung ambtenaren.


**Nganoehoenkeun**

Hatoer noehoen kana pitoeloengna Djoeragan — DJOELAEHA — Gedipl. Vroedvrouw di Djakarta parantos masihan pitoeloeng nalika dilahirkeunana poen adi wasta

*BASIR*

di Tamansari Weltevreden. Anoe babar katoet orokna teu aja sawios-wios.

*Hoermatna*
*noe nganoehoenkeun*

*Bakrie Soeraatmadja.*
*Sakoelawarga.*


# Koropak

### Djrg. abonne No 2698 di Bandoeng

Henteu kinten handjakalna, seratan Djoeragan (Sportverslag) Ovu—Sedar henteu diterangkeun eleh meunangna, djadi eta verslag teh kirang sampoerna, seuseucurna mah moeng kritiek bae. Koe margi eta verslag teh kirang tjekap kantenan redactie henteu tiasa ngahatoeranan tempat. Moegi oeninga!

—o—

### Djrg. Abah di Bandoeng.

Seratan Djrg. kaetang rada kasiangan, margina noe dipimaksad koe Djrg. teh, ajeuna parantos ditarik kombali koe noe kagoengan alpoekahna.

Koe margi eta, kantenan seratan Djrg. teh henteu kedah di lebetkeun.

# Kawat

tina s. s. k.

## NEDERLAND.

### Riboet.

Rotterdam, (Aneta Nipa). Ka riboetan noe anjar djadi dilantarankeun tina hal sewaan imah tea. Sarombongan baroedak nalenggoran ka politie koe batoe noe ngabanding di sisi djalan. Tangoe bae politie sanadjan ka boedak oge ngaiawan, nja eta ngahoebat habit gegendir karet geusan ngaboebarkeun eta kariboetan. Toengtoengna ieu kariboetan pindah ka Tweeboschstraat sarta di eta tempat, meupeus meupeuskeun karja lantera djalan djeung noempoek noempoekkeun batoe di tengah djalan, nja eta geusan ngahalangan politie di mana rek naradjang.

Politie, marentah noetoep noetoepkeun panto panto djeung djandela sarta sanggeus marentah noetoepkeun panto, toeloej naradjang eta kariboetan.

Opat djalma ditangkep.

## FRANKRIJK.

### Nampa ondangan ti Duitschland.

Parijs, (Aneta Nipa Reuter). Premier Laval djeung Minister Briand, nampa ondangan officiel geusan noengkoelan Berlijn dina tanggal 27 boelan ieu. Ieu oge langan koe Duitschland geus di bewarakeun.

—o—

## ZWITSERLAND.

### Begrooting menta dikoerangan.

Geneve, (Aneta Pacific). Mr. L. j. A. Trip, nja eta wakil Nederland, geus ngasongkeun ka commissie oeroesan doeit nja eta ti wawakil pagoejoeban bangsa bangsa hidji rarantjang poetoesan menta dikoerangan begrooting ti pagoejoeban bangsa bangsa 10pCt.

—o—

## DUISTCHLAND.

Berlijn, (Aneta Nipa Reuter). Ngarasa teu soegema geus dikedalkeun, waktoe nampa bedja ti Washington, nja eta bedja anoe nerangkeun jen Amerika Sarikat moal sabaraha deui lilana rek majar ka firma firma Duitsch —babakoena ka Noord Duitsch Lloyd djeung Hamburg Amerikan line— 27.000.000 dollar, nja eta ieu doeit teh pamajaran noe ka doea geusan moelangkeun doeit fonds. anoe kadjadian dina hal ngarampas milikna moesoeh waktoe perang Doenja.

### Riboet.

Hamburg, (Aneta Nipa Reuter). Kariboetan anoe katjida rongkahna geus kadjadian antara kaoem Communist djeung barisan pamarentah Rijks, nepi ka rea djalma noe maot sarta lima poeloeh djalma kapaksa koedoe titirah ka roemah sakit.

Kanselier Bruning, nerangkeun pandjang lebar tina hal ieu ka Presiden Hinderburg.


**DOKTER R. SAMSOE K. S.**

Genees-heel en verlos kundige
G. KEBON DJAE No 2
BUITENZORG.

SPREEKUREN
7 u. — 9 u. v. m.
5 u. — 7 u. n m
—:— TEL. Bz. 361. —:—

678

**SCHOENMAKERIJ**

**E. SAR'AN**

**Perapatan Stationsweg 597 - THAMIS**

Apa bila, Toean-toean dan Njonja-njonja ada ingin pake barang² jang baek hareplah soeka koendjoengi of toelis soerat pada saja poenja adres seperti diatas. Karena, dalem saja poenja toko ada sedia roepa² sepatoe, selop, sandal, dan teroempah, model jang paling baroe. Selop jang pake soelaman of bloedroe sedia roepa² matjem. Djoega djoeal saroeng kaen kloearan dari laen laen negri, oedeng ada roepa-roepa matjem.

Harep sadja siapa jang ada kaperloean djangan loepa adres diatas.

664 - III

# ADVERTENTIËN

**Galoenggoeng Drukkerij**
Tasikmalaja

Tjitakan sareng roepi-roepi kantoorartikelen pikeun publiek Bandjar sareng sawewengkoenna tiasa dipesen ka:

BESTUUR C. I. B.
(Cooperatie Istri Boemipoetra) BANDJAR.

**„De Gouden Ster" speciaal.**

Limonade kloearan paling blakang. Lims crush, orange crusch dan lain-lain dari sarinja boeah jang toelen, dan dari aer djeroek betoel. Harganja ada beda sedikit, tapi kwaliteitnja tanggoeng menjoekoepi. Boleh dateng minta tjonto boeat bikin
PERTJOBAAN

*Dengan segala hormat,* 523

**Mineraalwater Fabriek „DE GOUDEN STER"**
Tasikmalaja — Telefoon No. 114.

***Harojong kenging boekoe?***
***Sageuj***

moen teu harojong teh, da boekoena nja alanjar, — nja sarae, nji teu kedah digaleuh deuih. Enggal bae ajeuna mah maroendoet.

DAPTAR
BOEKOE² SOENDA
1931
ka
668

**Bale Poestaka**
Di Batavia-Centrum.

Tingali katja 30 dina eta daptar boekoe, soepados oeninga, saha noe baris kenging gandjaran boekoe
—:— ti BALE POESTAKA teh! —:—

**TEGELFABRIEK „NAJA"**

TASIKMALAJA —:— SOEBANG
G. Saheulah — Soekamenak

Sajagi roepi-roepi tegel, rooster (angin²) sareng betonbuis (koeloewoeng).
Pangaos sareng kwaliteit ditanggel ngabingahkeun.

*Hoermat noe ngadjeng²*

**OSRAM GLOEILAMPEN**

Jang soedah terkenal kakoeatannja lebih terang menjalanja dari laen-laen lampoe boeat listrict. Djoega disediaken boeat tarief D. jang pake tjentilan diotasnja.
Bisa dapet di 505

**TOKO TRIO**
Goenoeng Sabeulah 27 - Tasikmalaja

**GRAMOPHOON & PLATENHANDEL**
**„DE HARP"**

Groote Postweg 66 — Filiaal Singaparnaweg 45
BANDOENG — TASIKMALAJA

Salamina njajagikeun roepi-roepi parabot kaperloean muziek anoe ditanggel tiasa njoemponan kana saenes kantoen noe dipesen koe para djoeragan.
Roepi roepi plaat gramophoon sareng dina lagoe lagoena oge ngabadja njajagian lagoe anoe dina waktos ieu mah keur meudjeuhna dipikatjinta, sapertos: Sprekende film. Djawa, Soenda, Malajoe, Bobodoran sareng sadjabina ti eta
Soepados tiasa ngaboektikeun teu langkoeng sae mangga ditjarobi bae

*Hoermatna*
*noe ngadjeng ngadjeng.*
522



**BANDOENGSCHE**
**Chemische**
**Wasscherij & Ververij**
Stationsweg No. 30 naast GEREO
TASIKMALAJA.

TARIEF

Boeat tjoetji pakean Toean - toean (Njonja - njonja).

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| 1 Mantel wool (gabardin) | f 2.— | f 2.50 | t/m | f 3.— |
| 1 Sisal wool | | f 1.— | „ | f 1.50 |
| 1 Tjlana item | | f 1.— | „ | f 1 25 |
| 1 Stel Flanel | | f 2.— | „ | f 2.50 |
| 1 Stel Gabardin | | f 2.— | „ | f 2.50 |
| 1 Stel Wool | | f 2.— | „ | f 2.50 |
| 1 Stel Palmbeach | | f 1.50 | „ | f 1 45 |
| 1 Stel Singpek (Shangtung) | | f 1.25 | „ | f 1.50 |
| 1 Topi laken | | | | f 1.50 |

BOEAT TJELEP

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| 1 Badjoe Europa | | f 1.50 | t/m | f 3.— |
| 1 Badjoe tjelep tambah toea | f 2.— | f 2.25 | t/m | f 2.50 |

TISIK.

—:— Bisa bedami doeloe, ongkos —:—
—:— menoeroet besarnja jang ditisik. —:—
555

**ADVERTENTIE PELET**

SABAN DINTEN SAPTOE
**F 1.— Sakali moeat.**

**DOKTER H. HEERDJAN**

Di djoeroe djalan Tjitjendo djeung Kebonkawoeng
BANDOENG — TELEFOON No. 780.

Waktosna nampi tamoe (noe laladong):
Endjing ti taboeh 7 doegi ka taboeh 9.
Siang id. 4 id. 6.
520

**HOTEL ORANJE**

Tjaket ka Station BANDOENG angkat moeng 1½ minuut.
—::— Kebondjatiweg No. 5 Telefoon 2185. —::—

Ditanggel rawatan beresih, pamandangan sae, pakakas compleet, djongos-djongos satia, ajana di centrum kota, dipajoenna station autobussen DE KLEINE G.S. Tjiamis Bandoeng; ka Soekaboemi Tjiandjoer, Cheribon enz.

TARIEF:

| | | | |
|---|---|---|---|
| Kl. I, | 1 djalmi sawengi f 2,50; | 2 djalmi f 4,— | Endjing² kenging koffie soesoe sareng roti sonten thee sareng bescuit Kl. I sareng II kenging extra endog |
| „ II, | 1 „ „ „ 2,—; | 2 „ „ 3,— | |
| „ III, | 1 „ „ „ 1,50; | 2 „ „ 2,50 | |
| Njandak boedjang 1 djalmi f 0,50; | | | |
| | moerangkalih ½ pangaos. | | |

*Sajagi autoagrages. Noe satoemping ka Bandoeng, oelah lepat deui koelem di* HOTEL ORANJE.

Noe ngadjeng-ngadjeng,
507 I *Beheerder POERWADIMADJA*

KANTOREN:

**R. Idih Prawira di Poetra**
**RECHTSKUNDIGE**

Nampi padamelan ADVOCAAT EN PROCUREUR
OEROESAN: CIVIEL, CRIMINEEL, SARENG SADJABI TI ETA
Hoofdkantoor di Garoet: tel. 142 Tjimanoekweg No. 18
Bijkantoor di Tasikmalaja: di kantoor Sipatahoenan
Bijkantoor di Bandoeng: di kantoor Sipatahoenan,
— — Pangeran Soemedangweg No. 115. — —



KETOE OEDENG
**HALIM**
WEST PASAR STRAAT 16
— BANDOENG —



Ketoe oedeng Pasoendan, roepi-roepi model md. A., md. D., md. A. Osvia md. D. Osvia tina roepi-roepi batikan. Ngawitan ti Pangaos f 1,75, f 2,— f 2.50, f 3,— f 3,50 enz.
Ketoe oedeng model wiron Pasoendan (Soenda Kadjawan) anoe nganggo endol alit ipis sareng anoe henteu, batikna oge roepi-roepi pangaos idem
Ketoe oedeng wiron kadjawan, nganggo wiroe 18 lapis sareng nganggo kepet (tjetjepet) batikan roepi-roepi pangaos idem anoe nganggo endol sareng henteu.
Kopejah bloearoe hideung sareng beureum, nja kitoe deui modelna, model Medan (ipis sareng leuleus) raos dianggona pangaos f 1,50 oekoeran roepi-roepi. Kopejah Padang soetra anoe saena, f 1,— anoe boelak-balik f 1,50. Sindjang poleng Bandjaran anoe saena f 2,75 poleng Cheribon f 4,50. Poleng Soetra ditanggel kiat f 5,—. Poleng Soetra anoe pangsaena kaloearan Soemedang f 10,— palekat tjap korsi No. 1 - f 3,25.
Sadajana pangaos teu atjan kaetang ongkos ngintoen. 524

***AOS sareng lebetan ADVERTENTIE dagblad SIPATAHOENAN!***

# IMPLIK - IMPLIK

## „Salah atikan"

KENGING

A. KARNA—WINITA

No. 12

184 Geus digoerat ti Lohmahpoed,
babagian hidji djalmi,
tapi perloe ichtiar mah,
samemeh nepi ka takdir,
oelah sagala geus kadar,
moen kitoe tjilaka diri.

185 Ajeuna oerang pereloe,
ihtiar noe beres rapih,
tapi koe engkang kawangwang,
moal pibereseun pasti.
moal bisa senang badan,
tinangtoe remen ririwit.

186 Geura kleu bae Enoeng,
lamoen engkang maksa kawin,
tjoemah ari teu rempoeg ma'i.
nadjan djinis pada djinis,
soeka laja papadana,
tapi kolot gering ati.

187 Saha djalma anoe kitoe,
daek nganjenjeri ati,
nganjenjeri djalma lian,
geus tangtoe doraka pasti,
di doenja dipikangewa,
di acherat manggih njeri,

188 Tah noe matak perloe noeroet,
kana kersa sepoeh Njai,
engkang mah ngan samboeng doenga,
moegi Goesti Maha Soetji,
maparinan kaloeloesan,
bisa senang soegih moekti.

189 Nji Karmini moenggah njegroek,
tjeurik anoe njeri teuing,
naha aing mending mana,
kaboer atawana kawin,
moen kaboer kaboer ka mana,
ari kawin emboeng teuing.

190 Ningal Karmini sesegroek,
Mas Soeratma ngiring sedih,
waas tjampoer djeung nalangsa,
tina henteu njangka teuing,
djeung djoengdjoenan rek patoeraj,
noe dilamoen beurang peuting.

191 Mas Soeratma toeloej ngajaer,
ka Karmini noe keur tjeurik,
„Njai atoeh panoengtoengan,
sempal goejon bari seuri,
koe Njai moega hampoera,
ajeuna engkang rek indit.

192 Sabab geus poekoel sapoeloeh,
rek digawe beurang teuing,
toeloej Mas Soeratma angkat,
ngantoenkeun noe keur prihatin,
tapi nadjan Mas Soeratma,
hate sedih taja tanding.

193 Teu kotjap noe rek ka goenoeng,
tjatoerkeun deui Karmini,
sanggeus euweuh Mas Soeratma,
manehna teh toeloej balik,
tapi di sapandjang djalan,
tjipanon mah keukeuh bidjil.

194 Bingoeng beh dit eeun bingoeng,
boemi alam asa gondjing,
soekoe asa henteu napak,
tetendjoan deukeut teuing,
doeh ieu koema' akalna.
sangkan henteu toeloes kawin.

195 Lamoen ka kolot teu noeroet,
bapa ema tangtoe bendji.
palangsiang nitah njingkah,
Karmini keur mikir mikir,
koe manehna teu karasa,
horeng geuning enggeus nepi.

196 Datang ka imah bloek njoeoeh,
bari nanangkeup goegoeling,
sirah diboedeur koe lamak
tjetaan anoe keur gering.
goelang-goeling samar rasa,
pok ngomong amboe Karmini,

197 „Na koe naon atoeh Enoeng
siga noe teu nangan teuing,
djeung Njai teh tas ti mana,
mana lila lila teuing.
Tjeuk Karmini: „Entas ngandjang,
geus lila henteu ka nini,

198 Sadongkap - dongkap ka waroeng,
abdi toedoer panas tiris,
sareng hoeloe njeut pisan,
ajeuna ge abdi masih,"
„deudeuh teuing anak ema,
na koe naon atoeh Njai."

KOEMAMBANG

199 Boe Karmini tjiling-tjingtjat bari tjeurik,
nempo salakina,
naha lila-lila teuing,
ka sawah ampleng-amplengan.

200 Apan tadi ngan arek menerkeun tjai,
Boe Karmini loempat,
ka tatangga ki Astari,
nitah neang salakina.

201 Henteu lila djol datang kai Sartasim,
hahehoh ngambekan,
„Aja naon Boe Karmini,
neang siga perloe pisan.

201 Tjeuk amboena: „Ieu si Nja teh gering,
koering mah rareuwas,
sok sieun teu bisa kawin,
sieun gering toetoeloejan."

202 Ki Sartasim toeloej njampeurkeun Karmini,
ngarampa tarangna,
tapi aneh Nji Karmini,
bet toeloej gering enjaan.

*Teraskeuneun*

**Pelet**

Oepami bojong enggal madjeng peroesahaan djoeragan, kedah ti ajeuna ngalebetan advertentie
PELET F 1.— sakali moeat.